

## **ABSTRAK**

*Judul ieu panalungtikan nya éta “**Impleméntasi Métode Pangajaran Drill kana Prosés Ngajar Diajar siswa dina Pangajaran Akuntansi (Sub Bahasan Utama Jurnal Penyesuaian Kelas X AK 1 SMK Negeri 3 Bandung Taun Ajaran 2016/2017)**”.*

*Udagan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho persépsi siswa ngeunaan impleméntasi métode pangajaran drill jeung prosés ngajar diajar siswa dina pangajaran akuntansi bahasan utama jurnal penyesuaian di kelas X AK 1 SMK Negeri 3 Bandung sarta pikeun mikanyaho pangaruh métode pangajaran drill kana prosés ngajar peserta didik dina pangajaran akuntansi bahasan utama jurnal penyesuaian di kelas X AK 1 SMK Negeri 3 Bandung.*

*Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta survéy. Subjék dina ieu panalungtikan mangrupa siswa kelas X AK 1 di SMK Negeri 3 Bandung nu jumlah siswana 34 urang. Analisis data nu digunakeun nya éta analisis vérifikatif data ngaliwatan itungan rata-rata (mean) skor ngagunakeun SPSS 21.0 for Windows.*

*Hasil panalungtikan rékapitulasi skor rata-rata kamandang réspondén ngeunaan métode pangajaran drill lobana 3,83, sedengkeun proses ngajar siswa lobana 3,66 (83%). Kukituna bisa dicindekeun yén kamandang réspondén kana métode pangajaran drill sarta prosés ngajar diajar siswa “Hadé”. Dumasar analisis data nu geus dilakukeun, hasil panalungtikan pangaruh dilarapkeunna métode pangajaran drill nya éta ditingali tina itungan koéfisién déterminasi ngaliwatan nilai R Square lobana 0,634. Prosés ngajar dipangaruhan ku métode pangajaran drill lobana 63,4% sésana 36,6% dipangaruhan ku faktor séjén salian ti ngagunakeun média pangajaran drill.*

*Kacindekkana panalungtikan bisa ditarima, panulis miboga pamadegan dina pagajaran akuntansi guru leuwih hadé ngagunakeun modél atawa métode pangajaran nu dina proses ngajar salah sahjina ngagunakeun métode pangajaran drill pikeun udagan méré pangalaman diajar leuwih nyata ngaliwatan nyayogikeun latihan-latihan keur miboga pangabisa dina nganggeuskeun siklus akuntansi. Salah sahiji bekel pikeun masa depan nyaeta keahlian akuntansi. Akuntansi mangrupa bidang studi nu jadi dasar élmu nyadiakeun informasi sarta ngadugikeun panglaporan informasi sangkan dijadikeun dasar nyetuskeun putusan.*

**Kosa Kecap:** *Métode Pangajaran Drill, Prosés Ngajar Diajar Siswa*

